

COVID-19 ak Dedomajman pou Aksidan nan Travay



Workers' Compensation Board

Si ou te trape COVID-19 akòz travay ou a epi ou te pèdi jou travay ... Ou gendwa elijib pou salè pèdi oswa lòt avantaj yo.

Si ou rate plis pase sèt (7) jou travay akòz COVID-19 ou kwè ou te trape akòz ou te ekspoze nan travay la, ou gendwa elijib pou w benefisye **avantaj salè pèdi** (yo rele tou avantaj endamnite) atravè asirans dedomajman pou aksidan nan travay. Si ou genyen pwoblèm sante kwonik (oswa "alontèm"), ou gendwa elijib tou pou w resevwa swen medikal a vi gratis, ansanm avèk ranplasman salè pèdi pou moman ou pa kapab travay yo akòz maladi w la. Swen medikal se yon avantaj dedomajman pou aksidan nan travay menm si ou pa bezwen rate okenn jou nan travay.

Jwenn avantaj atravè reklamasyon ou fè deja oswa fè li si ou pa genyen youn

Si ou deja genyen yon reklamasyon ki etabli pou COVID-19, nenpòt avantaj salè pèdi oswa swen medikal pèmanan ki dirèkteman oswa pa konsekans gen pou wè ak COVID-19 tonbe anba reklamasyon sa a. Pa egzanp, yon moun ki gen yon reklamasyon pou COVID-19 ki etabli gendwa bezwen tretman pèmanan tou pou pwoblèm COVID-19 ki gen pou wè ak ren oswa poumon yo, oswa li gendwa devlope pwoblèm sante yo lakoz tankou anksyete ak depresyon. Si ou pa gen yon reklamasyon ki etabli, ou dwe fè yon reklamasyon nan espas de (2) lane apre maladi w la.

POU FÈ YON REKLAMASYON:

1. San pèdi tan, di anplwayè w la, alekri, ou malad oswa ou te malad.
2. Ranpli fòm *Reklamasyon Anplwaye a (Fòm C-3)* sou <http://wcb.ny.gov/covid-19>. Osinon, ou kapab telechaje epi ranpli yon fòm an papyè ki soti sou sitwèb la epi voye li bay Komisyon Dedomajman pou Aksidan nan Travay Eta New York (Komisyon) nan adrès ki sou fòm lan.
3. Wè yon pwofesyonèl swen sante ki otorize pou li trete pasyan ki gen dedomajman pou aksidan nan travay yo lè ou kapab. Ou kapab fè sa kounye a nan videyo oswa telefòn. Ou kapab chèche yon pwofesyonèl swen sante Komisyon an otorize sou <http://wcb.ny.gov/covid-19>.
4. Di pwofesyonèl swen sante komisyon dedomajman pou aksidan nan travay ki trete w la ou kwè ou te trape COVID-19 la akòz ou te ekspoze ak li nan travay la. Si pwofesyonèl swen sante w la dakò, li ap voye yon rapò medikal bay konpayi asirans lan ak Komisyon an. Li pi bon si rapò medikal ou a gen ladan rezilta tèst COVID-19 pozitif ou a, men ou ka mete tou yon rapò medikal ki montre yon dyagnostik atravè tèst PCR, oswa yon egzamen.

Enfòmasyon pou mete

Pifò travayè pa kapab endike moman oswa metòd egzak yo te ekspoze ak COVID-19 la, men ou kapab montre gen yon gwo risk nan espas travay ou a si ou travay nan yon anviwònman kote moun ekspoze oswa te ekspoze ak COVID-19 la fasil (pa egzanp, lopital, transpò, makèt, oswa nenpòt lòt kote). Mete detay sou kote ou ap travay la, chak ki lè ou travay, ak tach ou ranpli, sitou sila yo ki gen ladan kontak ak piblik la.

Menm si se pa tout reklamasyon yo ap aksepte, pa gen okenn mal oswa risk lè ou fè yon reklamasyon, menm si yo refize li.

Gen èd ki disponib

Gen plis enfòmasyon sou fason pou fè yon reklamasyon pou COVID-19 ki disponib sou <http://wcb.ny.gov/covid-19>. Ou kapab rele Komisyon Dedomajman pou Aksidan nan Travay Eta New York nan (877) 632-4996 si ou genyen difikilte oswa ou bezwen plis enfòmasyon. Tanpri fè nou konnen si ou ap jwenn rezistans oswa obstak pou jwenn enfòmasyon sou pwosesis reklamasyon an oswa si zafè fè reklamasyon an dekouraje ou. Nou ap ede ou. Ou kapab ekri tou nan AdvInjWkr@wcb.ny.gov.

Konsèy Konpansasyon Travayè Eta New York la pwoteje dwa anplwaye yo ak patwon yo kote li asire yo bay avantaj yo kòm sadwa epi li ankouraje yo respekte lalwa. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Konpansasyon Travayè a, ale sou wcb.ny.gov

[facebook.com/NYSWCB](https://www.facebook.com/NYSWCB)

twitter.com/NYSWorkersComp

[instagram.com/nysworkerscompboard](https://www.instagram.com/nysworkerscompboard)

[youtube.com/newyorkstateworkerscompensationboard](https://www.youtube.com/newyorkstateworkerscompensationboard)

Enskri pou w resevwa Notifikasyon WCB yo sou: wcb.ny.gov/Notify

WCB.NY.GOV